



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 25/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO MAKÈT TASTE NY NAN CHAMPYONA  
GOLF BARCLAYS ANE 2016 K AP FÈT NAN LONG ISLAND NAN**

***Café Taste NY Ekspoze Meyè Pwodiktè Manje ki Gen nan New York yo***

***Li Konplemante Angajman 3.8 milyon Dola Eta New York la Mete Disponib pou  
Mentni Pak Bethpage State Park la Tankou yon Destinasyon Entènasyonal  
Premye Ran Pou Gòlf***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo Café lokal Taste NY nan lokalite Chanpyona Gòlf Barclays la k ap deroule nan pak Bethpage State Park la, ki pral fè pwomosyon pou dèdouzèn fèm ak pwodiktè nan New York.

Restoran sa, se premye café lokal Taste NY ki pral ekspoze nan yon gwo evenman konsa, li pral vann pla bon gou ki pral mete anvalè fwi lanmè Long Island yo, vyann, ak lòt pwodwi lokal yo kiltive yo ak pwodwi boulanjri ki soti toupatou atravè New York pou vin pote ba fanatik PGA TOUR yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Ane sa Chanpyona Barclays pral ekspoze meyè pwodwi New York genyen yo, pandan ranfòse ekonomi Long Island lan anmenm tan. Avèk Café Taste NY ki se yon eleman notab nan gwo evenman sa, kote manje, bwason ak pwodwi kalib mondyal New York la yo pral pran devan epi nan mitan youn nan pi gwo chanpyona nan peyi a ki atire demilye patisipan ki soti toupatou nan mond lan.”

Ane pase, Gouvènè a te anonse ke Taste NY te triple lavant brit pwodiktè patisipan yo soti apeprè 1.5 milyon dola an 2014 pou rive a plis pase 4.5 milyon dola an 2015. Ane sa, Gouvènè Cuomo te fikse yon objektif pou double revni brit la a 9 milyon dola avan fen 2016 la gras a kat nouvo magazen yo ajoute yo, lansman nouvo patenarya nan espò ak lwazi lokal yo, ansanm avèk ouvèti nouvo lokalite nan sistèm Pak Eta New York la ke Bidje Eta pou ane 2016-2017 la te finanse yo.

PGA TOUR la retounen nan pak Bethpage State Park la pou Barclays, pou premye evenman Eliminasyon nan Koup FedEx la yo, ki gen ladan 125 meyè jwè k ap evolye nan PGA TOUR la. Café Taste NY la sitiye nan yon anplasman privejye, tou prè premye ak 18<sup>ème</sup> twou sou tèren gòlf lan. W ap jwenn foto café a yo disponib [isit](#) la ak [isit](#) la. Café a ap akspoze pwodwi ak bwason Eta New York sou yon kat meni konsesyon ki disponib [isit](#) la.

**Pwodiktè k ap patisipe nan Café Taste NY la gen ladan yo:**

Blue Point Brewing Co. – Patchogue, Long Island  
Catapano Dairy Farm – Peconic, Long Island  
Ed Zilnicki Farms – Riverhead South, Long Island  
Fox Hollow Farm – Huntington, Long Island  
Gosman's Dock – Montauk, Long Island  
Lenny Bruno Farms – Manorville, Long Island  
Satur Farms – Cutchogue, Long Island  
Schmitt Farms – Riverhead, Long Island  
Wickham Fruit Farm – Cutchogue, Long Island  
Gianelli Sausage – Syracuse, Central New York  
Adirondack Black Wax Cheddar – Barneveld, Mohawk Valley  
Cooperstown Cheese Co. – Milford, Mohawk Valley  
Wrighteous Organics – Schoharie, Mohawk Valley  
Red Jacket Orchard – Geneva, Finger Lakes  
A. Gurda Produce – Pine Island, Hudson Valley  
Porpiglia Farms – Marlboro, Hudson Valley  
Hepworth Farm – Milton, Hudson Valley  
Ronnybrook Farm Dairy – Ancramdale, Hudson Valley  
Old Chatham Shepherding Co. – Chatham, Capital Region  
Aladdin Bakery – Brooklyn, New York City

**Direktè Jeneral Barclays la, Peter Mele te di:** “Nou fyè anpil paske nou ofri pi meyè eksperyans gòlf pou fanatik nou yo. Nan kad eksperyans sa, natirèlman, fanatik ki renmen manje yo ap kapab jwi bon manje pandan y ap gade meyè jwè k ap evolye nan PGA TOUR la yo. Nou kontan anpil paske fanatik nou yo ap gen opsyon kote yo ka manje ki selebre pwodikètè lokal yo ki se meyè nan travay y ap fè yo tou.”

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, New York te garanti sis chanpyona gòlf pwofesyonèl enpòtan k ap fèt sou tèren eta posede yo. An 2012, Bethpage Black te akeyi 100.000 espektatè pou gade Nick Watney chanpyon konpetisyon Barclays la, epi odela de konpetisyon semèn sa, òganizasyon an deja pwograme pou l retounen an 2021 ak 2027. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te anonse ane pase yon antant eta te fè avèk PGA of America pou pote chanpyona 2019 PGA ak Koup Ryder 2024 nan tèren gòlf selèb difisil sa.

**Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, Richard A. Ball te di:** “Nou kontan anpil pou nou fè patenarya avèk PGA TOUR la pou nou pote Café Taste NY nan Barclays epi mete alafich meyè pwodwi agrikòl New York yo. Chanpyona gòlf sa atire fanatik ki soti toupatou nan mond lan, epi se yon bon opòtinite pou montre mond lan echèl divèsite ki gen nan agrikilti New York la epi manje bon gou li gen pou ofri yo. Gras a angajman Gouvènè Cuomo a, pwogram Taste NY la agrandi anpil nan sèlman espas twa zan. Kounye a, plis pase nenpòt lòt lè, biznis agrikòl toupatou nan Eta New York la yo ka agrandi kliyantèl debaz yo epi devlope biznis yo.”

Gouvènè Cuomo pran angajman pou mete disponib plis pase 3.8 milyon dola pou pak

Bethpage State Park la atravè pwogram [NY Parks 2020 an](#), yon angajman pou plizyè ane ki pral ajoute sou 900 milyon dola finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti 2011 rive 2020. Travay yo gen ladan yo rekonstwi plizyè espas vèt, fini amelyorasyon nan sistèm drenaj ak irigasyon an yo epi reyamenaje konplèks pouabri yo pou kenbe yon sèten nivo jwèt ki gen kalib chanpyona sou Black Course la, ansanm ak amenajman nan clubhouse istorik 1935 lan.

**Delege Pak Leta yo, Rose Harvey te di:** “Mwen di byenveni a jwèt PGA TOUR ak Fanatik yo nan Bethpage State Park epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li pran pou mentni tèren gòlf ki gen kalib mondyal sa, ansanm ak tout lòt tèren gòlf ki sou Pak Eta New York yo. Bethpage State Park ak anplwaye devwe li yo kenbe Black Course la an trè bon eta, epi nou ap atann nou pou nou akeyi gwo evenman sa pou nou ka ekspozè sistèm pak Eta New York ki gen kalib nasyonal nou an.”

**Robert Carpenter, ki soti nan Biwo Fèm Long Island lan te di:** “Avèk yon kalite ak divèsite san parèy, kominote agrikòl Long Island lan ap kontinye rete youn nan meye kominote agrikòl nan eta ak nan peyi a. Nou kontan anpil paske pwodwi lokal fèmme nou yo pral ekspozè nan Café Taste NY la pou mete aksan sou kalite ak disponibilite bagay nou pwodwi la deyè lakou chanpyona PGA TOUR la. Sa pral bay rezidan ak vizitè nou yo opòtinite pou vin goute epi aprann konnen kisa ki disponib pou yo pandan tout sezon an, epi ankouraje yo pou yo vin vizite fèm yo ak achte pwodwi ki vrèman kiltive nan lokalite kote yo rete.”

**Karen Catapano, mèt Catapano Dairy Farm te di:** “Mwen fyè anpil paske yo te chwazi sèvi fwomaj nou an nan gwo evenman prestijye sa. Mari m avè m kòmanse kreye fwomaj atizanal depi an 2003 epi nou renmen repons mèveye nou resevwa nan men non sèlman Sosyete Fwomaj Ameriken an (American Cheese Society), men tou nan men makèt lokal nou yo, kyòsk fèm yo mete bò lari a yo, restoran ak magazen fwomaj yo toupatou atravè New York. Nou vrèman kontan anpil epi nou satisfè de sipò nou resevwa nan men Depatman Agrikilti ak Mache NYS la ak ekspozisyon fwomaj nou an.”

**Sharon Tomaselli, mèt Cooperstown Cheese Company te di:** “Cooperstown Cheese Company vrèman kontan epi nou fyè anpil pou nou fè pati PGA TOUR la epi nou siman espere jwèt ak fanatik gòlf yo renmen fwomaj nou an yo. Nou apresye Taste NY ak patnè nou yo nan Baldor Specialty Foods paske yo ban nou opòtinite pou ekspozè fwomaj nou yo nan evenman prestijye sa. Nou vle fanatik ki renmen gòlf anpil yo vin tounen fanatik ki renmen fwomaj anpil tou, si yo pa fanatik fwomaj deja. Fwomaj jwe yon wòl enpòtan anpil pou ekonomi agrikòl ak pwodwi letye nan rejyon nò a, epi Taste NY se youn nan mwayen pou sipòte rejyon an.”

**Joel Panagakos, Vis Prezidan Egzekitif J Kings Foodservice la te di:** “Nou gen 23 zan depi nou ap sèvi Long Island ak zòn nan distans san senkant mil ki ozanviwon li yo lè nou founi yo bon jan pwodwi lokal ki soti nan fèm Long Island yo. Mwen kontan anpil paske nou fè pati chanpyona Barclays la epi Café Taste NY ap itilize kèk nan pwodwi sa yo. Mwen espere tout aktive yo fèt avèk anpil siksè!”

**Benjamin Walker, Direktè Devlopman Maketin ak Biznis nan Baldor Specialty Foods te di:** “Nou kontan anpil yo ban nou opòtinite pou nou travay avèk Taste NY ak PGA TOUR pou pote fèm ak atizan lokal yo bay demilye fanatik ki vini nan chanpyona Barclays k ap fèt nan Bethpage State Park.”

Chanpyona pral fèt nan yon konplèks gòlf k ap itilize pratik ki pi resan pou pwoteje anviwonman. Pwogram Rezèv Koperativ Audubon International pou Tèren Gòlf yo te sètifye Black Course, sa ki asire pwoteksyon abita zwazo natif natal ki ozanviwon tèren gòlf lan yo, ki gen ladan yo plant ak bòks nich natif natal ki sou tèren gòlf la yo, ak plant ki arebò pyès dlo yo. Anplis de sa, Bethpage State Park ap kontinye patenarya li genyen ak Pwogram Entegre Jesyon Ensèk Nwizib Eta New York la ki nan Cornell University depi byen lontan pou adopte itilizasyon teknik kontwòl ensèk nwizib nan etablisman, ki pi bon pou anviwonman yo. Teknik IPM yo itilize siveyans ak etap pwoaktif an detay tankou elimine move zèb alamen oswa ak treman mekanik; itilize pwodwi pou chase ensèk iltrasonik ak pyèj aresò; epi detekte nich ak koloni ensèk yo bonè, pandan n ap minimize itilizasyon pwodwi chimik.

### **Apwopo Barclays**

Barclays fè pati pwogramasyon PGA TOUR la depi 1967 lè Jack Nicklaus te chanpyon evènman inogirasyon nan Westchester Country Club. Depi lè sa, kèk nan pi gran jwè yo nan jwèt la te resewa tit sa ki gen ladan yo World Golf Hall of Fame Arnold Palmer, Johnny Miller, Raymond Floyd, Seve Ballesteros, Hale Irwin ak Curtis Strange. Anpil nan pi gran jwè mondyal aktyèl yo te chanpyon evènman sa tou, gen ladan yo Ernie Els ak Sergio Garcia ki te chanpyon de fwa; Vijay Singh ki te chanpyon kat fwa; Jason Day ki se chanpyon ane 2015 lan. Kòm premye nan kat evènman eliminatwa yo, chanpyona Barclays la te jwe yon wòl prensipal nan koup FedEx la, yon konpetisyon ki dire pandan tout sezon an, epi ki se pyès santral nan sezon PGA TOUR. Pou plis enfòmasyon sou chanpyona Barclays la, vizite [www.thebarclaysgolf.com](http://www.thebarclaysgolf.com). Opsyon pou achte tikè pou chanpyona Barclays la disponib sou sitwèb la oswa rele nan 844-868-7465. Swiv evenman yo sou Twitter nan @thebarclaysgolf ak Instagram ak [facebook.com/TheBarclays](https://www.facebook.com/TheBarclays).

### **Apwopo PGA TOUR la**

PGA TOUR la se yon òganizasyon ki gen kalib mondyal pou gòlfè pwofesyonèl k ap toune yo, ki jere plis pase 130 chanpyona nan PGA TOUR, Chanpyon PGA TOUR yo, [Web.com](http://www.web.com) Toune, PGA TOUR an amerik latin, Mackenzie Tour-PGA TOUR Canada ak PGA TOUR China. Misyon PGA TOUR la se pou yo ofri amizman epi enspire fanatik li yo, founi valè konsiderab pou patnè l yo, kreye mwayen pou volontè yo fè volontarya nan kominote yo, jenere enpak charitab ak ekonomik enpòtan nan kominote kote yo jwe yo, epi founi opòtinite finansyè pou jwè TOUR yo

Yo difize PGA TOUR la atravè lemond antye nan plis pase yon milya kay nan 227 peyi ak teritwa nan 30 lang. Yo òganize prèske tout chanpyona yo nan yon kad òganizasyon charitab pou yo ka maksimize don charitab yo. An 2015, Chanpyona atravè tout Toune yo te jenere yon rekò 160 milyon dola pou òganizasyon charitab lokal ak nasyonal yo, ki

rann total la vin 2.3 milya dola.

Sitwèb PGA TOUR la [PGATOUR.COM](http://PGATOUR.COM), se sit Nimewo 1 pou gòlf, epi òganizasyon an gen syèj prensipal li nan Ponte Vedra Beach, FL.

### **Enfòmasyon sou Taste NY**

Taste NY se yon inisyativ ke Gouvènè Cuomo te lanse an 2013 pou fè pwomosyon endistri manje ak bwason New York la. Depatman Agrikilti ak Mache a sipèvize l epi li te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo montre pwodwi yo nan gwo aktivite piblik, tankou Gwo Fwa Eta New York la. Pwogram nan te ouvè tou pou magazen yo nan arè repo Thruway ansanm avèk sou otowout yo nan eta ak nan sant transpòtasyon yo, pou pèmèt vwayajè yo achte pwodui ki fèt epi kiltive nan Eta New York. Apeprè 1.100 konpayi lokal te patisipe nan opòtinite sa yo, plis relye pwodui yo ak mache manje ak bwason eta kap grandi a ak konsomatè ki soti toupatou nan mond lan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Taste NY, ale nan sitwèb [www.taste.ny.gov](http://www.taste.ny.gov).

### **Apwopo Pak Bethpage State Park la**

Bethpage State Park popilè pou senk tèren gòlf kalib mondyal li genyen yo, ki gen ladan tèren ki gen renonmen mondyal Black Course la, ki te sit pou chanpyona U.S. Open Championship an 2002 ak an 2009. Nan kòmansman ane 1930 yo, Bethpage Park Authority te achte Lenox Hills Country Club ansanm avèk lòt pwopriyete ki toupre yo pou bati sa yo konnen kounye a kòm Bethpage State Park. Yo te anboche achitèk tèren gòlf selèb A.W. Tillinghast pou trase epi jere konstriksyon nan twa nouvo teren gòlf (Nwa, Wouj ak Ble) ansanm avèk modifye tèren Lenox Hills la ki te vin tounen tèren vèt la. *Golf Digest* klase Bethpage Black an senkyèm nan lis: 75 Tèren Gòlf ki Pi Difisil nan Amerika, "[America's 75 Toughest Golf Courses](#)" pou ane 2012 la; epi an uityèm nan lis: 100 Meyè Tèren Gòlf Piblik nan Amerika, "[America's 100 Greatest Public Courses](#)" pou ane 2013-14 la.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418